



# Pwotéjé ak Plywood <sup>1</sup>

Hal S. Knowles, III, Kathleen C. Ruppert, Karla A. Lenfesty ak Barbara Haldeman<sup>2</sup>

Bon jan pwoteksyon pou siklòn mandé tan ak lajan. Lè pa genyen en ase tan pou nou jwen yon kontraktè komèsyal ou swa pa genyen ase lajan, panno plywood ki b'wen enstalé kapab bay bon jan pwoteksyon pou kay-nou.

Paske panno plywood pa diré lontan, pwa panno-a, ak tan ke sap pran pou enstalé, nou rekòmandé ke nou pa itilize yo a mwen ke nou pa genyen l'òt bagay. Pase pran dokiman nou-an ki rele "Enstalé Panno Siklòn Pou Fènèt" pou nou kapab étidyé l'òt altènatif.



Plywood pi fò nan direksyon venn bwa-a.  
Sous: Enstiti pou Sekirite Biznis ak Kay


## Èske Tout Panno Plywood Se Menm?

**NON.** Genyen diferan fason pou enstalé panno plywood. Sepandan, nou mandé ke ou itilize youn dan dé gwo métòd-yo. Pou kay ki fèt ak blòk siman ak fènèt ki konstwi sou andedan miray de de pous ou plis, nou rekòmandé ke ou itilize kadna ak bawo fè ak panno plywood. Plasé panno plywood youn sou lòt pi bon pou fènèt ki konstwi sou andedan miray ki gen mwen ke de pous.

## Panno Plywood ak Kadna Bawo Fè

### Matéryo Ke Nap Bezwen:

- Fèy plywood ki gen 5/8 pous épèsè (Nou rekòmandé 3/4 pous)
- Kadna ak bawo fè 3 – 4 pous
- Drill
- Si sikilè



### Senp Diréksyon Pou Enstalasyon:

Koupé fèy plywood-la pou li kouvri andedan fènèt-la. Konekté plizyè fèy ak 2 x 4 o swa bon jan gon pou fènèt ki laj. Visé kadna ak bawo fè-a nan chak fèy plywood, pandan ke ou ap itilize youn vis pou chak 12 pous nan sans vètikal fèy-la. Maké ki bò twou-yo pral tonbé nan miray-la. Maké chak fèy avek "Anwo" ak "Anba" é ekri nu mewo fènèt-la. Fouyé twou é kouvri twou-yo lè ou pap itilize-yo.


1. Dokiman sa-a fè ABE376HAI, pati 3 de 5 nan Edikasyon + Aksyon = Koleksyon Kontwol Dega Van. Dat publikasyon: Novanm 2005. Re sètifye 2010  
2. Hal S. Knowles, III, rechèch associate, Pwogram pou Resous Bon Jan Kominoté; Kathleen C. Ruppert, Ekstansyon syantis, Sévis Estansyon Enèji Laflorid; Karla A. Lenfesty, espesyalis kontwol eega van siklòn, Estansyon Koperatif pou Konté St Lucie, Enstiti pou manjé ak Syans Agrikiltirèl, Inivèsité Laflorid; Barbara Haldeman, asistan editè, Sévis Estansyon Enèji Laflorid.  
Pwogram Kado nan Depatèman Laflorid sou Afè Kontwol Konstriksyon Rezidans nan Kominoté-a péyé youn pati nan publikasyon-an.

Enstiti pou manje ak Syans Agrikiltirèl (IMSA) se yon Opòtinite pou Anplwa Egal – Anplwayè Aksyon Afimatif gen dwa pou founi rechèch, enfòmasyon edikasyonèl ak lòt sèvis sèlman bay endividyèl ak enstitisyon kap fonksyoné san fè atansyon a ras, kwayans, koulè, relijyon, laj, enfimite, sex, oryantasyon seksyèl, stati marital, orijin nasyonal, opinyon ou afilyasyon politik. Pou enfòmasyon sou kouman pou jwenn lòt publikasyon estansyon, pran kontak ak Biro Sévis Estansyon Koperatif kin an Konté pa-ou. Sévis Estansyon Koperatif Laflorid / Enstiti pou manjé ak Syans Agrikiltirèl / Inivèsité Laflorid / Millie Ferrer-Chancy, pwovizwa Dean.

## Plasé Panno Plywood Youn Sou Lòt

### Matéryo Ke Nap Bezwen:

- Fèy plywood ki gen 5/8 pous épèsè (Nou rekòmandé 3/4 pous)
- Klou (pa buy twòp sékirité ouswa vis/boulon (buy plis sékirité) pa mwens ke 2 pous longè)
- Bouchon ki fèt an plon ouswa fè di (**PA** itilizé plastic)
- Mato (pou klou) é ouswa drill (pou vis)
- Ti mòso bwa plat (Si se nésèsè)
- Si sikilè



### Senp Diréksyon Pou Enstalasyon:

Koupé plywood-yo pou yo kapab kouvri chak fènèt ak 4 pous enplis. Konékte plizyè fèy ak 2 × 4 ouswa bon jan gon pou gwo fènèt. Fouyé twou nan fèy plywood-la ak miray-la. Maké chak fèy avek “Anwo” ak “Anba” é ekri numewo fènèt-la. Rantré bouchon nan miray-la ak youn mato. Visé fèy plywood-la nan bouchon an. Bouché twou yo lè ou pap itilizé yo.

### Lòt Bagay Pou Nou Konsidéré

Pa Mété FBK: Li pran 30% plis fèy bwa konprése pou li gen yen menm fòs ak fèy plywood. Nou rekòmandé ke nou itilizé fèy plywood.

Planifyé Anv an Nou Kòmansé: Fèy plywood vann bon maché, fasil pou nou itilizé, é ou kapab jwenn li nan tout magazen ki vann m atéryo. Sepandan, achté fèy plywood nou an van siklòn n an vini. Si nou tann two lontan nou kapab pa jwenn ankò.

Séré Byen: Fèy plywood fèt pou byen sere pou nou pa dom ajé li. I midite ak chalè Laflori d gen dwa défòmè é gate plywood-la ki ap kòz ke nou pap kapab itilizé li. Sé youn trè bon bagay pou nou tréte plywood la kont dl o ak pwodwi éspesyal ouswa penti anvan ke nou sere li nan youn koin ki fré é sèk. Kenbé tout vis, boulon, nan youn m amit ki maké avek panno-yo. Lè nape sere fèy plywood yo mété yo kouché plat pou yo pa défòmè. Pa janmè séré fèy plywood lè yo mouyé.

Véyé Tèm it: Youn lòt bagay pou nou fè, se jwenn youn jan pou nou pa mété fèy plywood yo atè. Sa va anpèche tèmit manjé yo.

Maké Panno-yo: Pifò kay genyen diferan dimansyon fènèt. Li trè enpòtan pou nou maké chak panno pou nou kapab konnen nan ki fènèt ke panno yo pral é ki bò panno-a pralé anwo ouswa anba. Youn lòt bon bagay pou nou konsidére se ékri sou youn mòso pap yé tout nimewo fènèt-yo ak nimewo panno-yo pou nou kapab konnen ki bò pou nou mété yo.

Pou plis détay sou afè fèy panno plywood, gadé nan APA (Aso syasyon Bwa pou Konstriksyon) Wèb sayt (gadé anba-a). Kliké sou paj “Publications” é chèché pou “hurricane shutters.”

### Lòt Resous

APA – Asosyasyon Bwa pou Konstriksyon

[www.apawood.org](http://www.apawood.org)

NOAA & AOML | Panno Plywood pou Siklòn

<http://www.aoml.noaa.gov/hrd/shutters/index2.html>